# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 दिसम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

विस्व दिव्यांग दिवस के मौका पर आजु प्रदेस के विभिन्न जिलन में कई कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। येही क्रम में लखनऊ क लोक भवन में आयोजित राज्यस्तरीय पुरस्कार वितरण समारोह में सामिल हो के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दिव्यांग लोगिन के पुरस्कार दिहलें अउर सम्मानित कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री दिव्यांग सब्द अउर भावना के सम्मान दे के उन्हें गरिमा के साथे पुरहर तरीका से जीवन अउर हर क्षेत्र में आगे बढ़े क प्रेरणा दिहले हवै। दिव्यांग लोगिन के जब्बो मौका मिलल त अपने प्रतिभा से ऊ लोगि येह सब्द क पुस्टि कइलें। मुख्यमंत्री ऋषि अष्टावक्र, महाकवि सूरदास, भौतिक विज्ञानी स्टीफन हॉकिंस अउर जगतगुरू स्वामी रामभद्राचार्य के साथे कई उदाहरण देत कहलें कि जेही के मंच अउर समाज क प्रोत्साहन आ सम्बल मिलल, ऊ लोगि देस–दुनिया अउर मानवता के अपने प्रतिभा क लाभ दिहलें आ ईहो साबित कइलें कि ऊ केहू से कम नइखें। उहां के कहलीं कि राज्य के भित्तर दुइ–दुइ दिव्यांग विश्वविद्यालय हौ अउर अलगि–अलगि क्षेत्रन क दृष्टिबाधित, मूकबधिर आ अउरियो लइकनो बदे कॉलेज संचालित हौ बाकिर एकर संख्या बढ़ावे क जरूरति हौ।

**********

दुइ दिन क दौरा पर आजु दुपहरिया बाद गोरखपुर पहुंचल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ताल नदौर क्षेत्र में बनि रहल पसु चिकित्सा विज्ञान महाविद्यालय के कार क निरीक्षण कइलें। येह बिच्चे उहां के कहलीं कि महाविद्यालय अउर एइजा प्रस्तावित इंटरनेसनल क्रिकेट स्टेडियम के सथहीं कान्हा गोसालो के एगो पायलट प्रोजेक्ट के रूप में विकसित कइल जाव। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार क मंसा येह क्षेत्र के विकास क एगो नया मॉडल बनावे के हौ। श्री योगी पसु चिकित्सा महाविद्यालय क डिजाइन लेआउट अउर मॉडल क अवलोकन कइ के एकरे प्रमुख आयामन के बारे में विस्तार से जनकारी लिहलें। लोक निरमाण विभाग क अफसर मुख्यमंत्री के बतवलें कि इंटरनेसनल क्रिकेट स्टेडियम बदे एक सौ छौ एकड़ क्षेत्रफल में सुरूआती सर्वे क कार कइल जा चुकल हौ। अधिकारी लोगि पसु चिकित्सा विज्ञान महाविद्यलय के बारे में बतवलें कि पहिला फेरा क निरमाण मार्च दुइ हजार छब्बीस में पूरा कै लिहल जाई। पहिला फेरा के निरमाण कर दुइ सौ सतहत्तर करोड़ एकतीस लाख रूपिया खरच होई। मुख्यमंत्री निरदेसित कइलें कि निरमाण कार्य गुणवत्ता के साथे समय पर पूरा कइल जाव। दुइ सौ छानबे करोड़ रूपिया के लागति से अस्सी एकड़ में बनि रहल येह महाविद्यालय क निरमाण कार दुइ बरिस में पूरा करे क लक्ष्य हौ।

मुख्यमंत्री बिहने महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद क संस्थापक सप्ताह समारोह के सुभारम्भ मौका पर आयोजित कार्यक्रम में सामिल होइहें। कार्यक्रम क मुख्य अतिथि मध्य प्रदेस विधानसभा क अध्यक्ष नरेन्द्र सिंह तोमर आ बिसिस्ट अतिथि अखिल भारतीय तकनीकी सिक्षा परिषद क सदस्य प्रोफेसर राजीव कुमार होइहें।

**********

स्मार्ट सिटी के रूप मे बिकसित हो रहलि काशी में आवे वाले पर्यटक अउर ओइजा क रहवइयन के सज्जो जरूरी जनकारी उपलब्ध करावे के उद्देस्य से बनारस नगर निगम की ओरि से काशी एप लांच कइल जा रहल हौ। महापौर अशोक तिवारी अउर नगर आयुक्त अक्षत वर्मा रूद्राक्ष कन्वेंसन सेंटर में आयोजित कार्यक्रम में एक साथे येह एप क सुभारम्भ कइलें। एप क बिसेसता बतावत श्री वर्मा कहलें कि काशी ऐप से नगर निगम की ओरि से दीहल जाये वाली सज्जो सुविधा क जनकारी मिली। सथहीं एकरे जरिये ऑनलाइन पार्किंग टिकटो पावल जा सकी। उहां के बतवलीं कि अबहिन एप क ट्रॉयल कइल जा रहल हौ। जनौरी से येह एप के आम जनता के समरपित कै दिहल जाई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महाकुंभ दुइ हजार पचीस बदे अक्षय वट कॉरिडोर क सुभारम्भ करिहें। श्री मोदी महाकुंभ क औपचारिक सुरूआति बदे तेरह दिसम्बर के प्रयागराज अइहें। येहके ले के तइयारी जोरिया गइल हौ। प्रधानमंत्री बरिस दुइ हजार ओन्नइस क महाकुंभ मेला में अक्षय वट अउर सरस्वती कूप के आम सरधालुअन क दरसन बदे खोलल गइल रहे। येह बेरि उहां के अक्षय वट कॉरिडोर क सुभारम्भ करबि। ओहर गंगा–जमुना के तीरे मौजूद अक्षय वट क पवित्र पत्ता दुनिया के सौ देसन ले पहुंचावल जाई। एकरे बदे अब्बे से राष्ट्रीय स्वयं सहायता समूह से जुड़लि महिला लोगि कार कै रहलि हइनि।

**********

प्रदेस क समाज कल्याण विभाग क मंत्री असीम अरूण आजु जय प्रकाश नारायण सर्वोदय विद्यालय राज्यस्तरीय खेलकूद प्रतियागिता क समापन कइलें। लखनऊ क केडी सिंह बाबू स्टेडियम में एक दिसम्बर से सुरू भइल येह तीनि दिन के प्रतियोगिता में प्रदेस क चौरासी सर्वोदय विद्यालयन क लइके हिस्सा लिहलें, जवना में छानबे छात्रा अउर एक सौ अड़तालीस छात्र सामिल हवें। श्री अरूण प्रतियोगिता में सफल होखे वाले छात्र–छात्रा लोगिन के पदक अउर ट्रॉफी दे के सम्मानित कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि राष्ट्रीय शिक्षा नीति की ओरि से खेलकूद के पाठ्यक्रम में सामिल कइल गइल हौ। ईहे कारन हौ कि समाज कल्याण विभाग की ओरि से येह कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********